# Sondaj 2024 sou Lekòl Vil Nouyòk

Chè fanmi,

Nou ta renmen gen nouvèl ou!

Chak ane, tout paran, pwofesè, ak elèv nan klas 6yèm rive 12yèm ane ranpli sondaj lekòl Vil Nouyòk la pou pataje opinyon yo osijè lekòl yo. Sondaj lekòl Vil Nouyòk se youn nan pi gwo sondaj sou edikasyon nan tout peyi a. Opinyon ou bay nan sondaj la ka ede nou amelyore anviwònman aprantisaj pitit ou a. Ou ka ranpli sondaj ane sa a apati **12 fevriye rive 5 avril.**

## Kijan opinyon w ede lekòl nou an?

Opinyon w ede nou konprann kisa ou panse lekòl nou an ap fè byen ak kisa ou panse nou ka amelyore. Rezilta sondaj yo pèmèt nou reflechi sou nan ki nivo nou reyalize objektif ak misyon lekòl nou an. Nou itilize enfòmasyon sa a pou pran desizyon sou kòman pou nou ba oumenm ak pitit ou a pi bon sèvis chak ane.

Ou vle wè kote opinyon yo ale? Ou ka wè rezilta sondaj ane pase a nan Apèsi sou kalite lekòl ak sou entènèt nan Gid sou kalite lekòl.

## Kijan mwen ka pataje opinyon mwen?

W ap resevwa sondaj lekòl Vil Nouyòk ou a nan yon anvlòp. Itilize enfòmasyon ki nan tèt sondaj la pou ranpli sondaj la. Voye sondaj la tounen lè w fin ranpli li nan anvlòp ki tou gen tenb sou li a ki vini avèk materyèl sondaj la. Ou ka voye l pa lapòs dirèkteman ba:

*Survey Processing Center*
*PO Box 680490*
*Charlotte NC 28216-9935*

Ou ka pran songaj la tou sou entènèt lè w ale nan NYCSchoolSurvey.org. Itilize yon "f" miniskil avan nimewo idantifikasyon elèv (OSIS) la ke ou ka jwenn nan kanè elèv la, nan kat idantite elèv la oswa sou kont NYCSA li pou konekte (login). Fanmi yo ka konekte tou sou Kont lekòl Vil Nouyòk (NYCSA) yo a pou ranpli sondaj la.

**Dènye delè pou ranpli Sondaj Lekòl Vil Nouyòk la epi voye l pa lapòs se vandredi 5 avril 2024.**

Mèsi dèske w pataje opinyon w!

Avèk senserite,